Sudee tay mooy bis bi mujj ci sa dundu, fan nga doon dem? Asamaan wala jahannama?

Waaye xamuleen luy xew ëllëg.
Ndaxte luy sa dundu? Dafay feeñ ab diir, ba noppi dem ni mes. Saag 4:14

Amna ñeenti dëgg yu nu wara xam bu baax:
1. Yàlla bëgg nala lool.
Dafa bëgg nga am dundu gu dul jeex ci asamaan si ak moom.
Ndaxte Yàlla dafa bëgg àddina, ba joxe jenn Doomam ji mu am kepp, ngir képp ku ko gëm am dund gu dul jeex te doo sànku mukk. Yowaana 3:16
Dafa bëgg nga am dundu gu bari te am njariñ ak moom. Sàcc day ñëw ngir sàcc, rey ak yàq. Dama ñëw, ngir ñu am dund, te ñu gën a bare ko. Yowaana 10:10

Loolu terewul nit ñu bari duñu am dundu gu am njariñ, te gëmu ñu ndax dina ñu am dundu ba fàaw ndax...
2. Nit dafa am bàkkaar ci boppam. Moo tax mu tàqalikoo ak Yàlla.
Ñépp a bàkkaar.
Ñépp a bàkkaar, ba joteetuñu ndamu Yàlla. Romain 3:23
Ndaxte bëgg xaalis mooy reenu bépp soxor...
1 Timote 6:10
Peyug bàkkaar mooy dee.
Ndaxte peyug bàkkaar mooy dee... Romain 6:23

Bible bi dafay leeral ñaari xeeti dee:
• Faatu yaram
 Nit ñi benn yoon kese lañuy dee, door gannaaw Yàlla àtte leen. Ibre 9:27
• Dee ci ngëm wala tàqaloo ak Yàlla ba fàww ci safara
Waaye ñi ragal, ñi gëmadi, ñiy def lu ñaaw, ñiy bóom nit, ñiy njaaloo, luxuskat yi, xërëmkat yi ak fenkat yépp, seen wàll mooy déegu safara ak tamarax bi. Feeñu ma 21:8

Su fekkee ne nit tàggalikoo na ak Yàlla ndax bàkkaaram, lan mooy saafara jafe-jafe bii? Danuy faral di xalaat ne saafara yi ñooy: diine, jëf yu rafet, ak jikko yu rafet. Waaye benn pexe rekk la am ci Yàlla.
3. Yeesu Kirist rek mooy yoonu asamaan si.
Loolu mooy li Yàlla wax.
Yeesu ne ko: «Man maay yoon wi, dëgg gi te dund gi.» 1Cr 15 14 Kenn du jege Ylla Baay bi te jaarul ci man.
Yowaana 14:6

Moo fay sunuy bàkkaar yépp.
Ndaxte Kirist dee na benn yoon ba fàww, ngir dindi bàkkaar yi, moom mi jub ngir ñi jubadi, ngir yóbbu leen fa Yàlla. 1 Piyeer 3:18
Ndaxte Yàlla jot na nu sunuy bàkkaar jaarale ko ci deretam, maanaam baal nu sunuy bàkkaar, ci kaw yiwam ju yaatu. Efes 1:7
Am na digeb dundu gu dul jeex.
Ku gëm Doom ji, am nga dund gu dul jeex. Ku gëmul Doom ji, doo am dund; Waaye merum Yàllaa ngi dëkk ci moom. Yowaana 3:36
Ndaxte peyug bàkkaar mooy dee; Waaye mayu Yàlla mooy dund gu dul jeex ci Yeesu Kirist sunu Boroom. Romain 6:23

4. Danu wara gëm Yeesu Kirist ngir mucc.
Sunu mucc mingi aju ci yiwu Yàlla ci ngëm ci Yeesu Kirist.
Ndaxte ci yiwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm. te loolu jógewul ci yéen, mayu Yàlla la, te jógewul ci seeni jëf, ngir kenn du ci kañu. Efes 2:8-9
Ndaxte "Képp ku woo Boroom bi ciww, dinga mucc." Romain 10:13

Ñaanu bàkkaarkat
Ñaanal lii ak ngëm:
Boroom bi Jesus, jërëjëf waay ci linga ma bëgg. Maa ngi nangu ni bàkkaarkat laa, te damay ñaan nga baal ma. Jërëjëf ci sa dee ci bant bi, sa suul, ak sa dekki ngir fay samay bàkkaar yépp. Maa ngi wóolu yaw nga sama Boroom ak sama Musalkat. Maa ngi nangu sa kado dundu ba fàaw, maa ngi lay jox sama dundu. Dimbali ma ma topp say ndigal yépp, ba neex la. Aamiin.

Sudee danga wóolu Yeesu Kirist, lii moo la dal:
• Leegi, am nga dundu ba fàaw ci Yàlla.
Lii mooy bëgg-bëggu ki ma yónni: képp ku gis Doom ji te gëm ko, am dund gu dul jeex, te bés bu mujj ba, dinaa ko dekkal.» Yowaana 6:40
• Sa bàkkaar yépp fey nañu ko te baal nañu la.
(demb, leegi, ëlëg)
Waaye Yeesu Kirist, bi mu saraxee benn sarax ngir dindi bàkkaar yi benn yoon ba fàww, toog ci ndeyjooru Yàlla.
Ibre 10:12
• Mbindéef mu bees nga ci kanam Yàlla. Mooy ndoortelu sa dundu gu bees.
Kon bu nit bokkee ci Kirist, mbindeef mu bees la. lépp a ngi bees. 2 Korent 5:17
• Nekk nga doomu Yàlla.
Teewul ñi ko nangu te gëm ci turam, may na leen, ñu am sañ-sañu nekk doomi Yàlla. Yowaana 1:12

Jëf yu baax duñu yoon wu nu mëna jaar ngir mucc, waaye firnde la wala meññeefu sunu mucc.
Elohim moo nu bind ci Kirist Yeesu, ngir nu wéy ci jëf yu baax, yi Yàlla tëral lu jiitu, ngir nu dund ci ñoom. Efes 2:10
Yal na la Yàlla sàmm!